# Даймохк

**Нанас берахь дуьйна суна хьо марзбина,**
**Хьоьга дагардуьйцуш, хийла ойла йина,**

**Сан дай баьхна латта, сан ирс долу Даймохк,** **2 раза**
**Ахь кхиийна, ахь стаг вина, со новкъа велира.**

**Хьуна гена ваьлча, херехь зама яьлча,**
**Даго лоькху зурма суна хьо хетара,**

**Сан дай баьхна латта, сан ирс долу Даймохк,** **2 раза**
**Малх бицбина, нур къагийна, хьо суна лепара.**

**ХIора йогIу кхане хьоьца йоккхур, бохуш,**
**Винчу махка кхача ас сатийсинера,**

**Сан дай баьхна латта, сан ирс долу Даймохк,** **2 раза**
**Хьоьх къаьстина, дог диллина, Iалур ца хиллера.**

**Сан дай баьхна латта, сан ирс долу Даймохк,** **2 раза**
**Хьоьх къаьстина, дог диллина, Iалур ца хиллера.**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)